



Pou Piblikasyon Imedya: 16/10/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YO PRAL LIMEN MONIMAN ETA YO AN WOZ POU ONORE MWA KONSYANTIZASYON SOU KANSÈ NAN TETE**

***Depatman Sante Eta a mete aksan sou enpòtans tè depistaj woutin, deteksyon bonè, ak ogmantasyon aksè ak dyagnostik ak swen***

***Tès depistaj gratis disponib lè w rele 1-866-442-CANCER (2262)***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yon douzèn moniman istorik eta pral limen woz aswè 16 oktòb la, pou onore mwa konsyantizasyon sou kansè nan tete a. Ekleraj la vize rekonèt enpòtans tè depistaj woutin yo ak deteksyon bonè pou jwenn kansè nan tete -ankò kansè ke yo pi souvan dyagnostike nan New York - nan yon etap pi bonè ak lè tretman fèt pi byen.

"Nan Mwa Sensibilizasyon sou Kansè nan Tete (Breast Cancer Awareness Month) a, nou onore moun nou te pèdi akòz maladi trajik sa a, ak tout Nouyòkè vyan ki toujou ap goumen ak li", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou limen moniman istorik sa yo an woz, nou rekonèt pwogrè ki fèt yo, travay la dwe toujou fèt, ak sipò enkonidyonèl nou ofri sivivan ewoyik yo. Oktòb sa a, mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo aprann sou enpòtans pou kontwole pwòp tèt yo ak fè mamogram woutin yo - ki se etap senp nou ka pran pou konbat maladi an soudin sa a."

Kansè nan tete se dezyèm kòz prensipal lanmò ki gen rapò ak kansè nan mitan fanm yo, ak yon estimasyon ke youn sou uit devlope maladi a pandan lavi yo. Gen plis pase 16,800 fanm yo dyagnostike epi apeprè 2,500 mouri nan kansè nan tete chak ane nan New York, dapre estatistik Depatman Sante (Department of Health, DOH) eta a konpile; gen anviwon 160 gason tou yo dyagnostike ak maladi sa a chak ane.

**Komisè Depatman Sante Eta New York la, Doktè Mary T. Bassett, te deklare,** "Doule lè w pèdi yon moun ou renmen ak kansè a reyèl pou twòp Nouyòkè. Pandan Mwa Konsyantizasyon sou Kansè nan Tete a, nou sonje moun nou te pèdi yo epi onore konbatan yo ak sivivan yo. Depatman Lasante pral kontinye bati yon fondasyon aksè ekkitab nan tè depistaj, entèvansyon bonè, ak bon jan kalite swen atravè investisman kontinyèl, politik solid, ak patenarya ki baze sou kominote a."

Pon ak moniman istorik ki pral limen yo gen ladan:

- One World Trade Center
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge)
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Pon Franklin D. Roosevelt nan Mid-Hudson
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- Sant Olenpik Lak Placid (Lake Placid Olympic Center)
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a.

Twò souvan, fanm yo pa kapab jwenn entèvansyon bonè ki enpòtan paske yo pa gen asirans: Apeprè de tyè nan fanm ki gen laj 50 a 74 ane epi ki pa gen asirans sante te fè tès depistaj an 2020, dapre yon [nouvo rapò](#) Depatman Sante Eta New York la te pibliye. An konparezon, anviwon 83 pousan fanm ki gen asirans sante te fè tès depistaj.

Anplis de sa, kansè nan tete fè ravaj sou fanm koulè yo yon fason ki pa pwopòsyonèl. Pandan ke fanm blanch ki pa ispanik yo gen pi gwo prevalans nan kansè nan tete, fanm nwa ki pa ispanik yo gen pi gwo pousantaj moun ki mouri, sa ki mete aksan sou diferans rasyal la klè nan rezilta sante yo.

Eta New York kontinye pran mezi ki pi enpòtan nan peyi a pou elimine diferans ki genyen nan rezilta kansè nan tete epi ogmante aksè ak dyagnostik ak tretman. Nan kòmansman mwa sa a, yo te pibliye yon nouvo opòtinite finansman pou bay 21 òganizasyon sibvansyon eta a pou òganize [Pwogram Sèvis Kansè Eta New York](#) nan kominote pa yo. Moun ki resevwa sibvansyon yo pral kouvri chak konte ak minisipalite nan New York epi yo pral konsantre efò yo sou moun ki pa gen aksè ak sèvis epi ki pote yon fado kansè ki pa pwopòsyonèl, ki gen ladan sila yo ki pa gen asirans, pou diminye disparite sante yo; yo afiche plis enfòmasyon sou opòtinite finansman sa a sou [Pòtay Sibvansyon Eta New York la](#).

Semèn pase a, Gouvènè Hochul [siyen lejislasyon](#) pou ede sivivan kansè nan tete yo pou asire ke moun ki chwazi pou yo fè operasyon pou rekonstriksyon pwatrin yo apre yon mastèktomi oswa yon mastèktomi pasyèl gen bon garanti asirans.

Aksyon ki pi enpòtan fanm ak Nouyòkè yo ka pran se pou yo fè tès depistaj kansè nan tete. Pou diminye risk pou yo trape kansè nan tete, Depatman Sante Eta a raple Nouyòkè yo:

- Pou yo okouran sou istwa fanmi yo epi diskite sou enkyetid ak yon founisè swen sante.
- Diskite sou itilizasyon terapi ranplasman òmòn ak yon founisè swen sante.
- Etid yo montre ke bay tete pou peryòd tan ki pi long diminye risk pou yo trape kansè nan tete.
- Rete nan yon pwa ki an sante.
- Fè egzèsis regilyèman.
- Diskite sou risk ak benefis imaj medikal yo, tankou [eskanè CT](#), ak yon founisè swen sante pou evite ekspozisyon initil ak [radyasyon](#) yonisan yo.

Nouyòkè yo ta dwe pale ak yon founisè swen sante pou yo fè yon mamogram. Moun ki manke asirans oswa yon founisè swen sante ka petèt toujou fè tès depistaj: Rele [Pwogram Sèvis Kansè Eta New York la](#) nan 1-866-442-CANCER (2262) pou jwenn yon kote ki tou pre.

Pwogram Sèvis Kansè Eta New York la ofri tès depistaj kansè nan tete gratis pou rezidan New York ki kalifye, ki pa gen asirans nan chak konte ak minisipalite. Apèl la gratis, epi operatè yo disponib 24 èdtan pa jou, 7 jou lasemèn. Nouyòkè yo ka vizite tou [Lis Pwogram Kominotè](#) nou an pou jwenn yon pwogram lokal pa konte oswa minisipalite epi rele dirèkteman.

###

Lèt nouèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)